


Flanbo Verite A



POUTÈT AMOU
MÈT MWEN AN

(Gade istwa sa a nan paj 14)

Jiyè - Out 2019 | Volim 10 Nimewo 4

TAB MATYÈ

Poutèt Amou Mèt Mwen an	14
Editoryal	3
Pi Lwen Pase Pwotestan yo	
Chapit 7.....	4
San Ki Sifi	13
Seksyon Paran	
Apèl pou Monte	
Leson 8e.....	22
Istwa Biblik	
Jonas ak Gwo Pwason an.....	18
Istwa Mati yo	
Apòt Jak–Lanne - 63 Apre Kris.....	25
Seksyon Jenn	
Yon Ti Pri pou Peye	
Chapit 22c	27
Seksyon Timoun	
Ipokrit yo	31
Aktivite Timoun	34
Lib Tout Bon	Kouvèti Dèyè

Komite

Direkṭè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Noah Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Matthew Morhart

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
piblilye li chak de (2) mwa.

**PUBLICADORA LA
MERCED** se yon konpayi
k'ap piblilye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontré, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editoryal

Chè lektè :

« Dènye tan yo » ... « ap sitelman gen mechanste... » Tou dènyèman mwen t'ap kalkile sou kèk evènman ki te pase, epi lide m' te retounen sou pasaj pwofetik sa yo. Mwen pa gen okenn dout retou Senyè a pwòch. Gen anpil prèv ki montre nou sa.

Desizyon ki te sòti nan pi gran tribunal peyi Etazini an konsènan kisa maryaj ye se yon desizyon istorik ki konsène tout moun toupatou. Toupatou nou tandé genyen twoub ak boulvès nan lemonn antye. M'ap poze tèt mwen kesyon : « Konbyen tan ankò Bondye va tolere mechanste ? Kilè jijman L' ap vini sou latè ? »

Desizyon gran tribunal ameriken an fose tout eta yo nan peyi a pou yo pèmèt de (2) gason oubyen de (2) fi marye ansanm. Genyen divès reyakson ki manifeste devan desizyon sa a. Mouvman an ki te dèyè chanjman sa yo se yon mouvman yo rele LGBT (li reprezante fi ki damou pou fi, gason ki damou pou gason, gason ak fi ki konn damou pou toude, ansanm ak moun ki deside chanje sèks yo, ki vle di gason ki tounen fi epi fi ki tounen gason). Moun ki fe pati branch sa yo te selebre desizyon gran tribunal la. Pou yo, se te yon gran pa annavan. Sepandan, genyen moun ki tou deranje poutèt menm desizyon an. Nou menm ki kwè nan Kris, kijan nou dwe reyaji ?

Kreyten genyen apèl pou yo kanpe djanm sou verite a, men pou yo toujou fe l' ak renmen. Nou konnen prensip yo Bondye te etabli depi nan kòmansman an pa chanje, epi lòm pa kapab chanje yo. Tout kalite imoralite seksyèl se peche nan je Bondye. Tout moun ki pa lave epi libere anba peche poutèt Jezi Kris va oblige rann kont. Se vre nou pa dwe janm eseye fe konpwomi ak verite a, men nou pa gen rezon nonplis pou nou chache kont ak sila yo ki pa menm jan avèk nou. Responsabilitè nou genyen an se toujou pale verite a, epi toujou montre yo amou Kris. Se pou n' ofri moun yo Bòn Nouvel Kris la ki sove moun anba tout peche epi ki bay viktwa sou peche. Legliz Jezi Kris te toujou ofri gras ak sali pou tout kalite moun ki kite bon wout la pou tonbe nan vye konpòtman seksyèl (1 Korent 6.9–11).

Anfas vye eta lemonn lan, gen yon frè ki te pwopoze yon seri etap kòm yon defi pou vrè Kreyten an nan jou sa yo : 1) Nou dwe priye fo pou legliz Bondye a epi pou gouvènman tout nasyon yo. 2) Nou dwe afime sa nou kwè epi chache konprann poukisa nou kwè tèl bagay. 3) Nou dwe kanpe fèm sou verite a, menmsi pozisyon sa pa popilè, epi menmsi pafwa sa mete nou kont regleman sivil ki etabli yo. 4) Nou dwe rete tou pare pou n' soufri poutèt verite a san nou pa janm fe konpwomi avèk sa ki rele verite. Pou fini, frè a te pwofite okazyon an pou li ankoraje nou avanse pi devan nan angajman nou genyen anvè Bondye epi anvè verite a ki nan Pawòl Li. Avèk pouvwa Sentespri a, nou genyen yon privilèj kote nou kapab demonstre amou Kris ak pisans Levanjil la pou sila yo ki kanpe kont nou.

Bondye rele nou pou n' renmen sila yo k'ap goumen ak tèt yo, epi k'ap goumen avèk dezi seksyèl yo. Se pou n' ofri yo espwa. Se pou n' ofri yo libète anba vye chenn sa yo. Se pou Bondye ede nou pou nou toujou sèvi kòm zouti k'ap jayi amou Bondye bay sila yo ki bezwen l'.


Dwann Nisli

Pi Lwen Pase Pwotestan Yo

—Dal E. Aysi

Chapit 7

Fratènite Sila Yo Ki Angaje



Fratènite a selon legliz pwotestan yo



Fratènite a selon Bib la

*S*e te yon jou Samdi swa nan lavil Zourik, nan peyi Laswis. Anba gwo fredi, yon gwooup gason t'ap mache vit nan fènwa a. Yo te oblige bat nèj ki te kouvri tout kote yo te mache a. Yo t'ap mache pou yo rive nan yon rankont kote yo t'ap kontre ak lòt moun ki t'ap chache volonte Bondye a. Yo te vle konnen kòman sa tapral ye pou lafwa yo, epi ki plan Bondye te genyen pou legliz Li a—yon legliz selon Pawòl Li. Pandan jounen an, chèf leta yo te pase yon lòd ki te di kalite rankont sa yo te entèdi. Koulye a, nan fènwa, avèk krentif pou Bondye, yon gwooup gason te mete ajenou ansanm ap chache direksyon Bondye. Apre lapriyè, youn pamì yo te kanpe mande batèm dlo. Li te konfese lafwa li nan Jezi Kris. Yon lòt moun nan gwooup la te batize mesye a. Apre sa, mesye ki te resevwa batèm lan te batize tout lòt yo ki te prezan. Menm jou swa sa a, yo te mete

detwa nan mesye yo apa pou sèvi kòm « ministè Bòn Nouvèl la. » Se konsa legliz frè yo nan Kris (Anabatis yo) te derape. Yo pa t' mele ak leta. Yo te separe ak lemonn ak tout aksyon pèvèti li yo. Dat la se te 21 Janvye 1525. Rankont ki te fet jou swa sa a, epi legliz la ki te pran nesans nan moman sa a te make istwa kretyen an.

Yon Legliz Vizib

Frè yo ki te fè rankont solanèl sa a nan mitan lannwit nan lavi Zourik te konnen byen sa yo t'ap fè. Yo te konnen yo te merite lanmò devan leta peyi a. Yo te konnen lide yo te genyen nan tèt yo se bagay leta a pa t'ap tolere. Yo te konprann legliz yo te fonde a pa t'ap ka alèz. Pou di vre, Pwotestan yo te tonbe pèsekite legliz sa a ap chache elimine li menm jan Katolik yo te dèyè elimine legliz Pwotestan an. Malgre sa, mouvman an t'ap mache nan tout peyi Ewòp yo. Pandan ane yo te pase, se kèk mil Anabatis ki te oblige mouri poutèt lafwa yo nan Kris. Anvan detwa ane te fin pase, prèske tout mesye yo ki te asiste premye rankont sa a te gentan mouri kòm mati.

Kòman rankont ki te fèt jou swa sa a te diferan ak pakèt lòt rankont ki t'ap fet alepòk ? Kisa yo te genyen lakay yo ki te fè moun tèlman kont yo konsa ? Pou n' ka reponn kesyon sa yo, ann gade kèk nan lide yo ki te motive Refòm Pwotestan an, epi konpare yo avèk lide yo ki te pouse frè Laswis yo (ki se Anabatis yo) pran desizyon ki te sitèlman radikal. Apre sa, n'ap konpare lide sa yo avèk sa Bib la di konsènan legliz Kris la. Nan etid sa a, nou pral wè kèk pwen ki toujou separe legliz biblik yo avèk legliz Pwotestan yo jouk jounen jodi a. Se pou etid sa a sèvi kòm yon apèl pou rele Kretyen vin anbrase menm lide sa yo ki te lakòz mesye lontan sa yo dakò mouri.

Nou swete mesye yo pa t' fè sa yo te fè pou granmèsi. Nou swete yo pa t' mouri pou granmèsi.

Sonje byen kijan evènman sa yo te fèt nan yon epòk gran chanjman ann Ewòp. Refòm lan se te yon epòk kote gwo chanjman t'ap reyalize. Mesye Refòm yo t'ap mete tèt yo ansanm ak leta pou fose tout moun nan teritwa kote yo te ye yo pou yo devni « Kretyen. » Se fasil pou n' konprann kòman sa te ye. Lè leta a fose pèp la pou yo vin « Kretyen, » pifò moun va dakò asepte paske yo oblige. Se nan non sèlman yo asepte. Se pa lafwa vivan yo te genyen nan Kris, ni se pa obeyi yo te angaje pou yo obeyi. Pa gen moun ki te konprann sa pi byen pase Maten Litè. Se menm Maten Litè sa a ki te yon gwo poto nan Refòm Pwotestan an.

Nan kòmansman Refòm lan, Litè te anvi wè yon legliz ki te pwòp epi sen. Nan lane 1526, li te ekri konsa : « Sila yo ki vrèman anvi viv yon lavi kretyen epi ki vle konfese Bòn Nouvèl la nan pawòl epi nan aksyon, yo ta dwe mete non yo nan yon liv

epi reyini nan yon kay ki apa kote yo ka reyini ak yon bi, pou yo priye epi li Pawòla, pou yo fè batèm ak Lasèn, epi pou yo patisipe nan lòt zèv ki fè pati adorasyon kretyen. Men, mwen pokò gen ase moun pou nou fè sa.¹ »

Malerezman, Litè te abandone lide sa yo. Poukisa ? Se paske lè li te kanpe anfas legliz Katolik la, yo te make l' kòm eretik epi yo te mete li deyò legliz la. Li te oblige chape poul li. Men, yon chèf leta ki te rele Fredrik Saj la te pou Maten Litè. Li te anvi sòti anba kontwòl chèf Katolik yo deja. Konsa, li te kache Maten Litè nan yon chato nan lavil Watbèg. Litè te kache la pandan plizyè ane. Esperyans sa a te fè Maten Litè konprann li te oblige genyen sipò leta a dèyè li. Se konsa li te retounen nan lide legliz teritwa a. Li te vin kite lide a kote li te pale sou yon ti legliz ki separe ak gran legliz la. Nan yon gwo moman kle nan lavi li, Litè te pran desizyon pou li kontinye chanjman li yo men-nan-men avèk gouvnèrman peyi a.

Men, yon legliz ki men-nan-men avèk leta a pa kapab viv separe ak leta a. Pa kont, legliz la p'ap kapab separe ak lemonn nonplis. Pi devan, Maten Litè te pale sou kijan li te regrèt tout efò li te fè yo pa t' lakòz plis chanjman nan lavi manm yo. Nan sa li te ekri yo, li te konn pale sou legliz li te etabli a. Souvan li te rele moun yo ki t'ap mache nan legliz la « foul la. » Li pa t' rele yo « legliz la. » Se klè li pa t' reyisi nan etabli yon legliz ki te vizib. Ni li pa t' etabli yon legliz ki te separe ak lemonn.

Nou kapab rezime diferans yo ki egziste ant Refòm Pwotestan an avèk Anabatis yo konsa : « Mesye Refòm yo te anvi sèvi ak Bib la pou transfòme vye legliz Katolik la. Poutan, radikal yo (Anabatis yo) te bati yon nouvo legliz ki te konplètman separe ak ansyen an, epi ki te bati sou Bib la. »

Sa Litè avèk lòt mesye Refòm yo pa t' kapab fè, se Anabatis yo ki te fè li. Nan yon sans, Anabatis yo ta tankou bofis mesye Refòm yo. Yo te vini apre, men yo te apa. Travay sa a te kòmanse lè mesye yo te reyini ansanm 21 Janvye 1525. Kèk mil moun te deside separe avèk legliz teritwa a pou mete tèt yo ansanm ak mesye Anabatis yo. Te gen ti asanble agòch adwat an Ewòp. Yo te konsyan legliz Kris la se moun ki chwazi wout la pou kont yo, ki deside idantifye ak Jennonm Galile a ki te sitèlman enb. Yo te obeyi apèl la pou yo mache kòm disip pou Jezi. Yo te gen konviksyon batèm se pa yon rit pou timoun, pito se yon fason pou moun esprime lafwa nan Kris, pou temwaye lafwa apre nouvo nesans lan, apre ou gentan lave nan san Kris. Yo te gen konviksyon okenn gouvnèrman pa dwe jere lafwa moun. Pito, chak moun lib pou pratike lafwa yo selon konsyans yo epi annakò ak Bib la. Yo te konprann legliz Kris

1 G F. Hechbegè, Rejwenn Vizyon Anabatis la (Skotdal : Piblikasyon Mennonit, 1957), paj 40-41

la te prezan depi detwa nan yo te reyini—epi Kris te la avèk yo. Yon legliz konsa pa mele ansanm ak popilasyon peyi a, ni li pa kache nan mitan yo. Okontrè, li devni yon legliz ki vizib. Li devni yon limyè jistis.

Legliz Kretyen An Selon Bib La

Pi gwo kesyon an ki te fè aktyalite a nan epòk Refòm lan se te : « Nouvo legliz la pral ranplase ansyen legliz la, men kòman nouvo legliz la ta dwe ye ? » Mesye Refòm yo te chak bay lide. Chak repons te reprezante kijan moun sa a te konprann legliz la. Ann gade yo chak :

1. *Lide legliz Katolik la.* Se ansèyman Ògostin ki te enfliyanse pozisyon sa a. Legliz Katolik la di se yon sèl legliz ki egziste nan linivè a. Tout moun ta sipoze fè pati legliz sa a.
Nenpòt moun ki kite legliz sa a pou li sèvi Bondye tou deyò. Moun sa a kreye divizyon nan legliz inivèsèl la, epi konsa li devni yon « eretik. » Pwoblèm ki genyen nan filozofi sa a se popilasyon legliz la pa sen vre. Yo pa viv nan obeyisans ni nan renmen, malgre yo fè pati legliz Katolik la. Kòman moun sa yo kapab fè pati legliz Kris la ? Ògostin te eseye esplike sa. Youn pami elèv li yo te di konsa : « Sentete legliz la pa kanpe sou lavi pwòp manm yo, ni sou lavi pwòp prêt yo, pito sou sentete objektif li yo.² » Nan ka sa a, selon lide Ògostin, yon moun « sen » dèské li antre nan « legliz Katolik la ki sen. »
2. *Lide legliz Refòm lan.* Selon mesye Refòm yo tankou Zwingli epi Kalven, legliz la se kote y'ap anseye Pawòl la san tach epi kote moun ap pratike sakreman yo yon fason ki kòrèk. Legliz sa a kanpe sou pwoteksyon leta a, epi nan zòn yo ki pou li, okenn lòt gwoup pa ka bouje. Tèm lan se : « Vini tande Pawòl la k'ap sòti nan bouch moun leta a apwouve pou sa. Doktrin ak teyoloji pi enpòtan pase jan moun viv. Legliz la pwòp dèské doktrin li pwòp. »
3. *Lide legliz payetistik.* Se fasil pou wè erè yo ki prezan nan de (2) lide anwo yo. Nan toude lide sa yo, lafwa se te lafwa legliz la. Se pa t' yon lafwa vivan nan kè chak kwayan. Lide sa yo te lakòz yon seri fidèl ki te frèt, ki te chanèl, epi ki te renmen bagay fomèl ak tradisyon. Se konsa legliz Katolik ak legliz Refòm yo ye. Pa kont, mouvman payetistik la te pran nesans nan fen disetyèm syèk la. Enfliyans mouvman sa a rete la jouk jodi a. Mouvman payetistik la se te yon reyaksyon kont vye tradisyon frèt legliz Refòm lan te gentan adopte. Efò mouv

² Doktè Kal S. Meyè, Legliz la depi Lapannkòt annò jou (Chikago : Près Moudi, 1969.), paj 49.

man sa a te fè a te elimine vye bagay mouri yo ki te preznan nan legliz teritwa yo. Yo te resi reyalize sa Litè t'ap chache a : « *La ecclesiola en ecclesia* » (ti legliz la andedan gwo legliz la).

Mouvman payetistik la te fokis sou espryans Kretyen an plis pase teyoloji ak doktrin. Moun yo te reyini nan ti gwoup pou yo kiltive yon lavi ranpli ak devo-syon ak sèvis. Mouvman an te grandi rapidman. Li te kòmanse nan peyi Almay, te antre nan peyi Bowèm epi Moravi. Nan Moravi, frè Wesli yo te anbrase enfliyans mouvman payetistik la. Yo te enkli lide yo nan nouvo legliz pa yo, ki se legliz Metodis la.

Lè nou byen gade kòman legliz Refòm yo frèt, epi lè nou gade kòman lòt moun mete anfaz sou konvèsyon, espryans pèsònèl ak Bondye, kondisyon kè a ansanm ak yon dezi pou imite Kris, se fasil pou n' konprann poukisa mouvman sa a te mache rapid jouk li te rive nan peyi Amerik yo tou. Men, fòk nou mande : « Èske se konsa legliz dwe ye selon Bib la ? »

4. *Lide legliz biblik la.* Kris te prezante yon aspè legliz Li a dwe genyen pandan Li t'ap bay Mesaj sou Mòn lan (Matye 5, 6, ak 7). Legliz la se « ***yon vil ki bati sou yon mòn,*** » epi li se « ***limyè pou moun sou latè.*** » Lafwa ki nan kè a afekte konpòtman, li afekte tout bagay nèt. Tankou mouton, Kretyen an viv nan mitan lou. Kretyen an chwazi volontèman pou li pase nan pòt etwat la. Li pwodwi fwi, li obeyi volonte Bondye, li pran swen youn lòt, li padone, li renmen lènmi l' yo, epi nan tout bagay li viv selon lespri Lalwa a epi pa sèlman dapre chak ti pwen ki nan lalwa. Nou ka rezime deskripsyon sa a Kris ban nou an nan twa (3) gran pwen.

Sa ki idantifye legliz biblik la se :

- a. Li apa, ki vle di manm yo viv nan obeyisans—sentete.
- b. Li se yon temwayaj limyè ak verite devan yon mond ki pèdi—evanjelizasyon.
- c. Kominyon frè ak sè yo ki genyen renmen ak lapè nan mitan yo—fratènite.

Legliz biblik la se sila yo ki gentan resevwa sali nan men Kris, yo ini ansanm nan yon kominyon lafwa ak renmen, epi yo angaje yo pou yo viv nan obeyisans ak sentete. Selon lide sa a, chak vrè Kretyen dwe mete tèt li ansanm avèk yon asanble kote li angaje li vètikalman (ak Bondye) epi orizontalman (ak frè sè li yo). Se legliz sa a nou wè nan liv Travay la.

Fratènité Nan Liv Travay

Jou Lapannkòt la se te kòmansman legliz Kris te fonde a, legliz Li te mouri pou Li sove a. Sentespri a te vini. Levanjil la te preche, epi lè moun te tande l', yo te santi konviksyon poutèt peche yo.

Pandan yo te konsyan pou kondisyon yo devan Bondye, yo te mande apòt yo : « *Frè nou yo, kisa pou nou fe ?* » (Travay 2.37). Repons lan te etabli yon diferans byen klè ant lemond epi avèk nouvo gwoup la : « *Tounen vin jwenn Bondye, epi youn apre lòt, vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padone tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a* » (Travay 2.38). Men, se pa tout moun nèt ki te fè sa. Note sa Bib la di : « *Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te resevwa batèm* » (Travay 2.41). Anpil ladan yo se pa TOUT. Limyè te separe ak fènwa. Se te 3 000 moun konsa ki te pran desizyon pou yo kanpe ansanm ak disip yo. Se moun sa yo ki te transforme. Ann gade kòman sa te ye pou yo avèk nouvo lafwa yo te genyen an. Travay 2.42 di konsa : « *Yo pase tout tan yo ap koute sa apòt yo t'ap moutre yo, yo t'ap viv ansanm tankou frè youn ak lòt, yo reyini pou separe pen an bay tout moun, epi yo t'ap lapriyè.* » Yo tout te chanje. Yo tout te ansanm. Yo tout te angaje. Yo tout te pran kwa Kris la pou idantifye kilès yo te ye. Ala yon bél fratènité nouvo disip sa yo t'ap jwi !

Men kondisyon yo ki te genyen pou moun vin fè pati gwoup sa a :

1. Mete lafwa yo nan Bon Nouvèl Kris la.
2. Ini kè yo ansanm ak doktrin ak ansèyman apòt yo.
3. Viv avèk renmen nan lavi yo chak jou.

Nan Travay chapit 2, moun yo te dakò ede youn lòt ak bezwen fizik. Nou pa wè moun yo t'ap defann tèt pa yo. Se pa t' yon reliyion ki kache nan fon kè a. Nou wè yon gwoup frè ak sè ki te gen tèt ansanm, ki te kominye youn ak lòt, ki te viv nan bon amoni, epi ki t'ap bay yon temwayaj ki te klere devan mond lan ki te antoure yo.

Sa ki te fèt anpil ane apre sa nan ti reyinyon 1525 la se te kòmsi menm kalite legliz la t'ap fet ankò. Li pa t' konplike. Li te bél. Se te tankou premye legliz la.

Yon Leson Nou Ka Pran Nan Istwa Ki Pase Yo

Nan lane 1554, Menno Simon se te yon lidè pamí Anabatis yo nan peyi Lawolann. Li te detaye sis (6) bagay ki idantifye legliz Kris la.

1. Doktrin ki pwòp, ki pi, epi ki san twoub : (Detewonòm 4.6, 5.12 ; Matye 28.20 ; Mak 16.15 ; Jan 8.52 ; Galat chapit 1).

2. Pratik ki biblik, seremoni ak adorasyon selon kòmandman Jezi Kris : (Matye 28.19 ; Mak 16.16 ; Women 6.4 ; Kolosyen 2.12 ; 1 Korent 12.13 ; Mak 14.22 ; Lik 22.19 ; 1 Korent 1.22–23).
3. Obeyisans devan Pawòl Bondye a : (Matye chapit 7 ; Lik 11.28 ; Jak 1.22).
4. Bon jan amou pamí frè sè yo : (Jan 13.34 ; Women 13.8 ; 1 Korent chapit 13 ; 1 Jan 3.18, 4.7–8).
5. Yon temwayaj san brannen pou Bondye ak pou Kris devan lemonn : (Matye 10.32 ; Mak 8.29 ; Women 10.9 ; 1 Timote 6.13).
6. Soufrans ak pèsekisyon li resevwa poutèt Kris ak Pawòl Li : (Matye 5.10, 10.39, 16.24, 24.9 ; Like 6.28 ; Jan 15.20 ; 2 Timote 2.9, 3.12 ; 1 Pyè 1.6, 3.14, 4.13, 5.10 ; 1 Jan 3.13)³

Fratènite An Pratik

Pou kesyon fratènite Kretyen an, lide santral la se yon mo Grèk ki se : koinonia. Li parèt anviwon senkant (50) fwa nan Nouvo Kontra a. Yo konn tradwi mo a konsa : *tankou frè youn ak lòt, kominyon, separe byen nou yo ansanm ak tout lòt yo, ofrann pou ede pòv, fè nou konprann pi byen, epi youn ede lòt.*⁴ Mo Grèk la pale sou bagay ki menm pamí yon gwooup moun. Li pale sou lafwa komen an Kretyen yo genyen nan Kris. Li pale sou amou yo genyen youn pou lòt. Li pale sou kijan yo pataje ansanm kòm yon « kominote sila yo ki sove. » Pasaj sa yo pentire yon bèl tablo pou nou : « *Lamou Bondye gaye nan kè nou grasa Lespri Sen Bondye te ban nou an* » (Women 5.5, Bib Kreyòl la—Bibles International). Kretyen yo te sitèlman jwi yon lavi ansanm ak Kris, sa te pwodwi yon bagay lakay chak frè sè yo. Kominyon sa a afekte pòch moun yo jouk pasaj la di konsa : « *Pesonn pa t' di byen li yo te pou tèt pa l' ase, men tou sa youn te genyen te pou tout moun* » (Travay 4.32). Liv Travay la tout antye ban nou yon bèl imaj fanmi Bondye k'ap viv ansanm avèk lajwa, kote chak moun pataje lavi li ak lòt yo nan lwanj pou Bondye. Se sa ki koinonia pratikman.

Nou wè nan legliz la alepòk moun yo te manje ansanm ak lajwa epi ak renmen. Yo te frekante kay youn lòt. Nou wè yo te priye ansanm. Yo te leve vwa yo ansanm devan Bondye. Tout moun te ranpli ak Sentespri a. Lè te vin genyen yon bezwen pamí vèv Grèk yo, yo te mete sèt (7) frè apa kòm djak pou okipe bezwen an. Lè yo te rekònèt yon bezwen pamí frè Jide yo, legliz yo nan lòt zòn te ranmase ofrann pou

3 Menno Simon, Tout Ekriti Menno Simon yo, de (2) volim (Skotdal : Piblikasyon Mennonit, 1957), 2 : 743

4 Travay 2.42 ; 1 Korent 10.16 ; 2 Korent 9.13 ; Women 15.26 ; Filemon chapit 6 ; Ebre 13.16

yo, konsa « *moun ki te ranmase plis yo pa t' gen twòp. Moun ki te ranmase pi piti yo pa t' manke anyen* » (1 Korent 8.15).

Ala yon benediksyon ! Nou remake yon lespri tèt ansanm. Yo te byen resevwa youn lòt, yo te asepte youn lòt jan Kris te asepte yo anvan. Yo te youn konseye lòt, epi te vizite youn lòt. Yo te vwayaje ansanm. Yo te fè ministè ansanm, epi yo te preche ansanm. Nou remake yo te youn salye lòt epi te bo youn lòt tankou moun k'ap viv pou Bondye.

Yo te patisipe ansanm nan agape—yon manje yo te pran ansanm nan egalite konplè. Nan manje sa yo, rich yo pa t' pran tèl bagay pandan pòv yo pran yon lòt bagay. Epitou, yo te gen abitid chak Dimanch pou yo reyini pou adore Senyè a, pou koute prèch nan Pawòl Li, epi pou bay ofrann. Nou wè tout moun te patisipe nan sèvis Lasèn yo. Konsa yo t'ap esprime lafwa komen epi yo t'ap renouvre renmen yo te genyen pou Sovè a.

Yo te lave pye youn lòt pou demonstre kijan yo te anvi sèvi youn lòt, beni youn lòt, epi korije youn lòt lè sa te nesesè. Depi yon frè te mouri poutèt lafwa li, tout moun te pran lapenn pou li. Frè yo te respekte Etyèn kòm yon lidè, epi nou kapab wè sa atravè antèman li.

Frè sa yo te santi yo te fè pati yon bagay ki te pi gwo pase yo. Yo te fè pati fanmi Bondye a. Se frè yo te ye. Yo te debòde ak renmen. Amou sa a se te yon fòs diven ki te aji kont pisans peche a. Kilès moun ki ka rive peche pandan yo chaje avèk amou Bondye a epi pandan yo antoure ak amou frè yo ? Se poutèt sa Jezi te di konsa : « *Si nou youn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip Mwen nou ye* » (Jan 13.35).

Se pwobab frè yo nan premye legliz la t'ap dakò avèk yon deklarasyon ki te fèt pamí frè sèzyèm syèk yo : « Pèsonn pa vin jwenn Bondye tou separe ak frè yo. » Kalite fratènité sa a kote moun yo angaje yo ansanm seryezman se kote Kris ap travay. Se yon limyè k'ap klere nan mitan tenèb.

Kòman legliz ou a ye ? Èske li kanpe tankou legliz la nan liv Travay la ? Èske manm yo ap viv lavi ki onèt, ki separe ak lemond, ki sove anba peche ak inikite ? Èske y'ap viv nan obeyisans devan kòmandman Kris ak apòt yo ? Èske yo pèmèt divòs ak remaryaj nan asanble kote ou mache a ? Èske manm yo mete bijou epi swiv tout dènye modèl lemond ? Ki kalite temwayaj yo genyen nan kominote a ? Èske kè ou touche pou nanm ki pèdi ak pou frè ki egare yo ? Èske genyen sakrifis nan mitan frè sè yo ? Èske nou konn fè ofrann pou ede youn lòt lè gen bezwen ? Èske nou ouvri pòt

la pou resevwa sila yo ki pwofese lafwa nan Kris epi ki dakò viv jan Kris te viv ? Èske manm yo chache fratènité youn ak lòt, osinon èske y'ap chache amize yo nan diskò ak nan lòt aktivite lemond ? Èske ou dakò pou lemond rechte ou ? Osinon, èske ou pito sanble avèk lemond ? Èske ou fè pati legliz paske yo fè bél sèvis ? Oubyen paske pastè a fè bél diskou ? Oubyen paske legliz la gen bon repitasyon ? OUBYEN, èske ou se manm legliz la paske legliz la ap pwoklame verite a, genyen renmen nan mitan kwayan yo, epi moun yo obeyisan devan Bondye ?

Chè lektè, èske ou anvi fè pati frè sè yo ki sove epi ki angaje pou swiv Kris ? Men yon pasaj ki presye : « *Lage yo lage yo (nan prizon), Pyè ak Jan al jwenn gwoup zanmi yo...* » (Travay 4.23). Zanmi, èske ou fè pati yon gwoup zanmi konsa ?

(Liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)



REPONS

Aktivite Timoun

Sòm 55. 21 – « Pawòl nan bouch yo pi dous pase siwo. Men, nan fon kè yo se yon sèl bagay yo konnen : segoumen. Pawòl yo koule dous tankou lwil, men lang yo se razwa. »

Pwovèb 26.24–25 – « Ipokrit ki rayi moun toujou ap bay bél pawòl. Men, nan kè l', se twonpel'ap twonpe moun. ²⁵Lè l'ap pale konsa, ou pa bezwen kwè l', paske nan fon kè l', se mechanste ase ki genyen. »

Jeremi 9.8 – « Lè y'ap pale ak zanmi yo, se bèl pawòl ase ki nan bouch yo. Men nan kè yo, se pèlen y'ap pare pou yo. »

Abdyas 7 – « Moun ki te pi bon zanmi nou yo twonpe nou byen twonpe. Moun ki te konn manje sou tab ansanm ak nou pare pèlen pou nou. »

Mak 7.6 – « Bann ipokrit ! Se nan bouch pèp sa a respekte M', men kè yo byen lwen Mwen. »

2 Pyè 2.19 – « Yo pwomèt y'ap ba yo libète. Men, yo menm se esklav movèz vi a yo ye. »



San Ki Sifi

—Sannfod Yodè

Pasaj Biblik : Ebre 9.13–28

« **K**onsa tou, Kris la ofri tèt Li pou Li mouri yon sèlfwa pou wete peche anpil moun. »
(Ebre 9.28).

Depi premye sakrifis la kote Bondye te touye bêt pou Li fè rad pou Adan ak Ev, peche toujou konekte avèk san. Fòk san vèse.

Bib la di Bondye te kontan avèk sakrifis Abèl te ofri a. Li te ofri yon mouton. San te vèse.

Jou swa kote zanj lan te pase sou tout kay yo nan peyi Lejip, Jwif yo te déjà koupe kou anpil mouton. Anpil san te vèse. Yo te mete san an sou de (2) chanbrann pòt kay la ansanm ak sou travès lento pòt la. Jou swa sa a Jwif yo te an sekirite paske yo te anba san an.

Lè yo t'ap fè seremoni pou konsakre tanp lan, 22 000 bèf ak 120 000 mouton te pèdi lavi yo. San te vèse. Pandan tout Ansyen Kontra, se kèk mil lit san ki te vèse. Pèp la te konnen byen « *si san pa koule, nanpwen padon pou peche yo* » (Ebre 9.22).

Dèske granprèt la te oblige antre nan Kote Ki Pi Sen an chak ane, sa montre nou yon bagay. Li parèt nan Ebre 9.8 : « *Avèk tout aranjman sa yo, Sentespri fè nou wè chemen ki pou mennen nou kote Bondye ye a pokò louvri...* »

Se vre, san sakrifis yo te satisfè kòlè Bondye pou yon tan, men koulye a nou genyen yon bagay ki pi bon lontan : « *Se konsa, san (Jezi) ap lave konsyans nou, L'ap delivre nou anba esklavaj lalwa k'ap touye nou an pou nou ka sèvi Bondye vivan an* » (Ebre 9.14).

Moun pa bezwen vèse san okenn bêt ankò pou yo antre nan prezans Bondye. « *Konsa tou, Kris la ofri tèt Li pou Li mouri yon sèlfwa pou wete peche anpil moun. Li gen pou L'tounen yon dezyèm fwa. Men, lè sa a, se p'ap pou wete peche nou, se va pou delivre tout moun k'ap tann Li yo* » (Ebre 9.28).

Yon fwa pou tout, te genyen san ki te vèse pou sali. San an te sifi pou padone peche nou yo. San an sifi paske se te san presye Pitit Gason Bondye a. Bondye te satisfè avè L'. Ezayi 53.11 di konsa : « *Apre tout soufrans sa yo, L'a jwenn kè kontan ankò. L'a konnen Li pa t'soufri pou granmèsi. Li te sèvi Bondye yon jan ki kòrèk nèt. Li te pran chatiman anpil moun sou do L'. L'a fè Bondye fè yo gras.* » Apre sa, 1 Pyè 1.19 di konsa : « *Men, se avèk gwo ofrann san Kris la ki te koule lè Li te ofri tèt Li tankou yon ti mouton san defo ni okenn enfimite.* »

« *Frè nou yo goumen ak li jouk yo gen batay la, grammèsi san Ti Mouton an...* » Revelasyon 12.11.

POUTÈT AMOU MÈT MWEN AN

Solèy la t'ap kouche, epi tout syèl la te bèle avèk koulè atiran. Lannwit t'ap desann sou ti mòn yo tankou yon dra ki kouvri yon kabann. Se te yon lokal byen poze, yon kote byen bèle. Yon gwo kay fêt an brik te kanpe nan mitan lokalite greyab sa a. Se yon bèle kay li te ye. Se te pou mèt tè a. Se te yon epòk kote mèt tè yo te genyen gwo moso tè epi bèle mezon. Andedan kay la, nan youn pamí gran pyès yo, yon vye granmoun ki te rele Douk t'ap mache do ba. Yon pakèt ane travay te gentan kraze kò mesye a. Koulye a, li t'ap fè sa li te konn fè chak apremidi. Li t'ap mache limen lanp nan tout kay la.

Sa se yon istwa ki te pase Ozetazini nan lane 1880 yo konsa. Gouvenman peyi a te gentan libere tout esklav nan peyi a depi ventan. Liberasyon sa a se te yon evènman ki te toujou rete nan lespri tout moun. Esklav yo te lib koulye a, men genyen detwu ki te chwazi rete ansanm ak mèt yo malgre yo te gen dwa ale kote yo vle. Yo te chwazi rete ap sèvi mèt yo toujou. Se konsa sa te ye pou Tonton Douk.

Tonton Douk t'ap bougonnen pandan li t'ap desann sou yon ti ban kote li te kanpe : « Sanble mwen pa ka rive sou lanp sa a ankò. Li twò wo. » Li te nan gran pyès kay la kote vizitè te konn chita.

Li te kontinye : « Vye zo sa yo pa kapab ankò. Ala yon traka. M' pa vle kite travay mwen, men sanble m'ap oblige. Pandan senkantan m'ap limen lanp sa yo chak apremidi, epi koulye a, vye kò a pa kapab ankò. »

Konsa Douk te tande yon vwa ki di : « Se dwòl sa, Tonton Douk. »

Ansyen esklav la te pantan. Pou li menm, li te pou kont li nan gran sal la. Je l' pa t' tonbe sou pitit fi mèt li a ki t'ap pran repo sou yon gwo kanape bò dife a ki te limen pou chofe kay la.

Jennfi a te tonbe ri lè l' wè sèvitè a te pantan. Li di : « Padon. Padon. Mwen pa t' vle fè ou pantan, non. M' konnen vye zo sa yo kapab tou kase si ou pantan fò. Ou pa bezwen pè. Se sèl mwen menm ki la, epi ou konnen byen mwen pa t'ap janm fè ou anyen ditou. »

Tout dan vye tonton an te parèt pandan li te souri. Douk te di konsa : « Aaaa. Men wi. Se Madmwazèl Lousi. Mwen konnen ou pa t'ap fè m' anyen. Menm yon ti foumi atè ou p'ap pile. Men, poukisa ou chita la nan tenèb sa a ? M' swete se pa kriye ou t'ap kriye. »

POUTÈT AMOU MÈT MWEN AN

Granmoun lan te mache ak pye lou li yo pou l' rive devan kanape a epi li te panche kò l' pou li gade vizaj chè Madmwazèl Lousi. Li pa t' gen dlo nan je l'. Okontrè, li te sanble yon moun ki te alèz. Li t'ap souri.

Madmwazèl la te reponn : « Non, Douk. Mwen pa t' ap kriye. » Lousi te fè pati yon gran fanmi boujwa. Li te lonje men l' pou li kenbe men Tonton Douk. Men tonton an te tou nwa. Se te zo ase. Lousi te asire li : « Se pa kriye mwen t'ap kriye. Se kalkile mwen t'ap kalkile isi a pou kont mwen. Mwen t'ap priye tou. »

Se lè sa a jennfi a te kòmanse pale ak plis kouraj. Li di : « Ou konn sa k' pase, Douk ? Lontan, ou te konn sèvi papa m' paske ou te esklav li. Se te devwa ou pou sèvi li. Men, ou te jwenn libète lè gouvènman an te pwoklame tout esklav yo lib. Poukisa ou pa t' pwofite kite papa m' menm jou li te ba ou papye a ki montre ou libere ? Poukisa ou te chwazi rete ? »


San ezite, vye sèvité a te reponn : « Poukisa ou mande sa, Madmwazèl Lousi ? Ou konnen poukisa byen pwòp. Ki lòt kote mwen ta prale, en ? Ou konnen mwen renmen mèt mwen. »

Repons nèg la pa t' konplike, epi li te lakoz yon ti dlo parèt nan je jennfi a. Ak kouraj, Lousi te kontinye pale : « Enben, Tonton Douk, mwen renmen Mèt pa m' lan tou. Mwen renmen Senyè mwen. Li te bay lavi Li pou mwen, epi koulye a, se devwa m' pou m' sèvi Li. » Lousi te mete debou pou li kontinye. « Men koute byen. Mwen pa sèvi Bondye paske m' oblige. Se vle mwen vle angaje m' pou Li menm. Se pa peye m'ap peye pou libète Li te ban mwen an. Gen yon lòt rezon. Menm jan ou te di li, mwen renmen Mèt mwen an tou. Byen petèt sa kapab koute m' tout richès mwen genyen nan lavi sa a. Men, mwen gentan tandem apèl Gran Komisyon an, epi mwen gentan reponn : « *Wi, mwen prale.* » Douk, mwen pral janbe lanmè a pou m' viv nan mitan pèp lakay ou, nan peyi Afrik. Yo bezwen m'. »

Vye granmoun lan t'ap kriye koulye a.

Finalman, li di : « O ! Chè Madmwazèl Lousi. Ou se yon zanj Bondye voye sot nan syèl la. Mwen renmen Mèt la tou. Mwen konprann sa ou di. Men, kisa mèt Djim pral di nan sa ? » Douk te voye je l' gade papòt la pandan li te di sa. « Mèt Djim se bon moun li ye. Li toujou bon anvè mwen, men mwen sisipèk li pa konnen Jezi, Mèt nou an. »

POUTÈT AMOU MÈT MWEN AN



Koulye a, Lousi Mèndòl te kanpe dwat devan ti granmoun lan. Pandan yon ti moman, li pa t' di anyen. Apre sa, li di : « Mwen konnen, Douk. Mwen konnen sa li pral di. Mwen gen pou m' pale avèk li aswè a. Li poko janm konnen sa m' deside. Men desizyon an gentan fèt, epi mwen prale. » Pandan mo difisil sa yo t'ap sòti nan bouch li, li te tonbe kriye. Anvan lontan je l' te kòmanse klere. Li di : « Mwen pa pè. Se byen materyèl ase m'ap kite. Jezi te bay lavi Li pou mwen. Konsa, m'ap bay tout sa m'

genyen pou Li. Mwen p'ap janm pè paske se Li menm k'ap pran swen mwen. »

Yo te tande pye k'ap mache nan kay la. Yon moun t'ap avanse sou yo. Douk te vire pou li ale. Li te di : « Men l'ap vini koulye a, Madmwazèl Lousi. Sonje byen, ptit mwen, mwen konprann ou. M'ap nan chanm mwen an ap priye pou ou. »

Konsa ti granmoun lan te lonje men l' pou li kenbe men jenn madmwazèl la. Men pa l' te di. Men fi a te swa. Avèk pa ki fèt tou dousman, Tonton Douk te mache kite jennfi a. Se nan menm moman sa a yon gwo potorik gason te antre nan salon an avèk Lousi. Se te papa l', Djim.

Nan demen maten byen bonè, Lousi Mèndòl te kite kay papa l'. Li te antre chita nan yon cha dèyè cheval. Douk t'ap mache dèyè l' ak yon malèt ki te genyen ladan l' tout afè chè Madmwazèl Lousi. Ak dlo nan je, Douk te ranje malèt la dèyè cha a. Lousi te vire gade kay la yon dènye fwa, bél kay briks la kote li te pase tout lavi li nèt. Apre sa, li voye je l' dwat devan avèk anpil kouraj. Li pa t' konnen kisa ki te devan li, men li te déjà konfye tout bagay nan men Mèt li.

POUTÈT AMOU MÈT MWEN AN

Senkan te pase. Dizan te pase. Kenzan te pase. Yon seri bèl woz te pouse nan tè a kote yo te antere Tonton Douk. Yon wòch te make kote a. Men sa ki te ekri ak gran lèt sou wòch la : « DOUK – SÈVITÈ BYENNEME POU DJIM MÈNDÒL. » Anba nèt, avèk ti lèt piti, yo te ekri sa sèvitè a te mande yo ekri sou wòch la. Li pa t' yon gwo koze. Li te senp. Li te brèf. Men dèyè sitasyon an te genyen tout yon gran istwa. Men sa ki te ekri anba : « Li te renmen mèt li. »

Nan bèl kay an brik la, mesye a t'ap viv tou sèl. Li te granmoun anpil. Li t'ap tann nouvèl ptit fi li a. Kenzan te gentan pase depi li te di fi a orewwa. Depi menm jou sa a, li pa t' tandem anyen ditou. Li t'ap dakò peye gwo lajan pou l' tandem nouvèl ptit fi li a, pou li konnen ki kote li te ye. Elas. Jou Tonton Douk te mouri a, mesye Djim te resi konprann sa ki rele rann sèvis ak imilite pou Mèt ou a. Li te konvèti. Koulye a, li te vle fè Lousi konnen sa, men sa pa t' posib. Kanmenm, li te deside li tapral fè tout sa ki posib pou li kontakte ptit fi li a.

* * * * *

Lannwit te tonbe sou rakkwa a tankou yon dra sou yon kabann. Se te yon rak nan kontinan Afrik. Fènwa nan rak la te sifi pou fè yon moun pè. Koulye a, yon koukou t'ap fè bri, epi sa te pi mal toujou.

Nan fon rak la, pamí pakèt gwo pyebwa yo ak touf yo, te genyen yon ti vilaj... anviwon senkant (50) ti kay fèt ak tè. Ti vilaj la te genyen yon sèl wout antre sòti. Moun yo te nwa, epi yo te yon ti jan kout. Wout ki te mennen nan vilaj la te janbe yon ti rivyè. Dlo a te debòde ak kayiman. Se ti rivyè sa a ki te koule vide nan yon pi gran rivyè nan yon plenn kote ki te genyen plis moun. Konsa, ti vilaj la te yon ti jan izole.

Jou swa sa, te genyen yon gwo dife ki te limen nan mitan vilaj la. Te genyen prèske trant (30) gason ki te reyini la a. Te genyen yon bagay remakab lakay mesye sa yo. Yo te ajenou ap priye. Se yon gran mirak paske dizan anvan, gwoup sa a se te yon gwoup moun ki te mechan anpil. Vwazen yo te rekonèt yo pou moun fewòs. Alepòk, tanbou lagè yo te sonnen chak swa. Koulye a, se te silans. Pafwa ou te ka tandem youn pamí medam yo ki t'ap kriye. Medam yo te antoure yon nat ki te atè a bò dife a.

(kontinye nan paj 20)

JONAS AK GWO PWASON AN

Niniv Avèti

Niniv te yon gwo vil. Anndan gwo miray li yo te gen gwo tanp, yon bél palè, ak bél jaden. Men pèp Niniv la te mechan anpil.

Bondye te pale ak pwofèt Jonas. Li te di : « Ale di pèp Niniv la pou yo repanti kite gwo mechanste yo. » Men Jonas pa t' vle obeyi. Pèp sa a te lènmi pèp Izrayèl.

Jonas te deside pou li vag apèl Bondye a. Li te monte yon bato pou li ale byen lwen. Men li pa t' janm kapab kache pou Bondye.

Bondye te voye yon gwo tanpèt sou lanmè a. Maren yo pa t' janm wè yon tanpèt konsa. Akòz gwo tèt chaje sa a, yo te voye bwat yo nan lanmè a epi yo te rele bondye yo pou delivre yo.

Kisa Jonas t'ap fè ? Kaptenn lan te jwenn li anba kal batiman an ap dòmi. Li te rele : « Kisa ki pase ou ? Lapriyè Bondye w' la ! Petèt Li va tandem ou epi delivre nou. »

Jonas te di maren yo li te dezobeyi Bondye. Se akòz dezobeyisans li a Bondye te voye gwo tanpèt sa a. Li te di : « Jete mwen nan lanmè epi tanpèt la va sispann ! »

Maren yo te lapriyè Senyè a. Yo te plede pou Senyè a pa pini yo pou lanmò Jonas. Konsa, yo te jete Jonas nan lanmè a ki te move anpil. Menm lè a, tanpèt la te sispann ! Maren yo te sezi anpil ! Menm kote a, yo te deside pou yo sèvi Bondye vivan an.

Kisa ki te rive Jonas ? Yon gwo pwason Senyè a te prepare te vale Jonas. Anndan vant pwason an, Jonas te lapriyè ak tout kè li. Li te pwomèt pou li obeyi Bondye. Twa (3) jou apre, Bondye te fè pwason an vomi Jonas bò rivaj la.

Kounyeya, Jonas te deside pou l' ale Niniv. Li te preche toupatou nan gwo vil sa a, epi li t'ap di byen fo : « Repanti ! Nan karant (40) jou Niniv pral detwi ! »

Lè wa a te tandem sa, li te mete rad sak sou li epi te chita atè nan sann dife. Li te mande tout pèp la pou yo fè jèn epi lapriyè pou Bondye fè yo gras. Lè Bondye te wè kòman pèp la te imilye yo, Li te chanje lide epi Li pa t' detwi Niniv ankò.

Akòz Jonas te obeyi Bondye, te gen plizyè mil moun lavil Niniv ki te repanti epi ki te resevwa mizèrikòd Bondye a.

Jonas 1-3



Bondye prepare yon gwo pwason pou vale Jonas.

Kibò mwen ta ale pou mwen pa jwenn ak Ou ? Kibò mwen ta ale pou Ou pa wè mwen devan je Ou ? (Sòm 139.7)

1. Èske Bondye te toujou konnen kibò Jonas te ye ?
2. Kibò Jonas te ye lè li t'ap lapriyè ak tout kè li ?
3. Èske Bondye te epaye pèp Niniv la ?

Itilize avèk pèmisyon :
Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

POUTÈT AMOU MÈT MWEN AN

Sanzatann, youn nan medam yo te kite bò nat la pou li avanse pi pre dife a. Gason yo tout t'ap pale ansanm ap mande l' sa li genyen. Li leve men l' pou l' fè yo pe. Li di yo : « Dam misyonè a vle pou nou avanse. »

San yo pa di anyen, nèg yo te avanse. Yo te fè yon sèk toutotou nat la kote byenneme madam misyonè a te kouche.

Lalin te apenn parèt sou tèt pyebwa yo. Limyè l' te eklèsi moun yo ti kras. Rayon limyè yo te rive sou vizaj madanm lan, yon blan, ki te atè a. Li te granmoun, men li te toujou genyen yon bèlte espirityèl lakay li. Nèg yo ki te bò kote l' te bese tèt yo poutèt respè yo te genyen pou li.

Dousman, epi avèk difikilte, Lousi Mèndòl te pale avèk yo. Misyonè a te di yo konsa : « Talè mwen pral jwenn Jezi. Se Li menm mwen te vini isi a pou fè nou konnen. Li beni mwen anpil, epi Li beni nou tou. »

Lousi te tande moun ki t'ap kriye pandan li pale.

Li egzije yo : « Non, nou pa dwe kriye. M'ap kite nou, men mwen pa kite nou tou sèl paske koulye a nou konnen Jezi. Li va voye yon lòt moun pou anseye nou plis. Mwen ta byen kontan viv plis pou m' ede nou pi plis ; mwen santi m' prèske pa fè anyen. »

Koulye a, madanm lan te fè yon ti rete. Yon doulè te sakaje kò l' ki te cho avèk lafyèv. Li te priye pou fos, epi li te kontinye : « Mwen bay Bondye glwa pou sa Li te akonpli. Mwen te vini pou m' montre nou amou. Mwen santi mwen se youn pami nou. Lè m' te fèk parèt, nou te di n'ap touye m'. Men Bondye te pwoteje m'. Koulye a, gade sa Bondye fè nan mitan nou. Li netwaye kay nou yo. Li sove lavi pitit nou yo. Li fè nou viv pi byen. Pi gwo toujou, Li ban nou sali. Lè m' te antre la, nou te payen. Koulye a, pandan mwen prale, nou se yon gwoup Kretyen ki fidèl. »

Souf madanm lan te vin kout. Fòk li pale yon ti jan rapid paske li te konnen lè a te prèske rive pou li.

« Èske nou klè sou poukisa mwen te kite lakay mwen depi Lamerik Dinò pou m' vini nan mitan nou ak nouvèl Jezi Kris ? Mwen te fè sa paske mwen renmen Mèt mwen. Mwen vle pou nou kontinye sèvi Li menm, paske koulye a nou renmen Li tou. »

POUTÈT AMOU MÈT MWEN AN

Sanzatann, Lousi te pe. Li te remake mesye yo t'ap swiv yon bri bò dlo a.

Lousi di yo : « Ale. Al gade kilès k'ap vini. »

Anvan lontan, nèg yo te retounen ak yon etranje sou zepòl yo. Li te grav. Tout kò Lousi te sou tansyon lè l' remake se te yon blan parèy li. Nonm lan te genyen yon lèt nan men li. San li pa t' di anyen, li lonje lèt la bay yon nèg epi li fè yon jès pou yo pote l' bay misyonè a.

Ak men ki t'ap tranble, Lousi Mèndòl te ouvri anvlopè la ki te make ak non l'. Dlo te koule desann nan vizaj li pandan li t'ap li istwa papa l' ki t'ap chache pitit fi li a. Wout la te vin twòp pou mesye a, epi li te mouri anvan li te rive jwenn Lousi. Men, anvan li te mouri, li te konfye yon neve l' pou li kontinye wout la jouk li jwenn pitit fi li a. Yon gran lajwa te debòde lakay misyonè a pandan li t'ap aprann kijan papa l' te konvèti. Bondye te tandem lapriyè li yo ! Lousi pa t' renmen Mèt li a an ven.


Nan demen, moun yo te antere byenneme misyonè yo a. Avèk èd blan an ki te rive depi ayè, yo te fè yon ti sèvis antèman. Etranje a te chache yon gwo wòch ki te blan epi swa. Li te mete l' nan tè a kote yo te antere fi a anba pyebwa yo. Moun yo t'ap eseye rakonte tout istwa dam lan pou etranje a, men sa te difisil pou yo paske yo te anvi kriye. Gwo alatèt la pa t' pale anpil. Men sa l' te di ase : « Li fè nou konnen li te kite lakay li byen lwen pou l' anseye nou sou Jezi paske li te renmen Mèt li. »

Lòt misyonè te vini pou kontinye travay Lousi Mèndòl te kòmanse yo. Lòt jenerasyon sa yo te toujou li sa ki te ekri sou wòch la kote Lousi te antere. Men sa ki te make sou li : « LOUSI MÈNDÒL – YON MOUN LAMERIK DINÒ. LI TE MOURI NAN LANE 1900 PANDAN LI T'AP SÈVI WA LI A. » Apre sa, nan ti lèt piti anba, yo te make : « Li te renmen Mèt li. »

—Fayt Frebòn Tounè^e
Gospel Herald (Anonsè Levanjil la)



SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Lafwa e Santiman

Leson 8e

Pitit mwen yo, pinga nou renmen sèlman nan bouch, nan bèl diskou ak bèl pawòl. Se pou nou renmen toutbonvre. Se pou tout moun wè jan nou renmen lè yo wè sa n'ap fè. Se konsa n'a konnen nou se moun laverite a. Se konsa n'a santi nan kè nou nou pa gen kè sote devan Bondye. Paske, si konsyans nou kondannen nou, nou konnen Bondye pi fo pase konsyans nou, li konn tout bagay. Konsa, zanmi m'yo, si konsyans nou pa kondannen nou, nou gen gwo lasirans devan Bondye. 1 Jan 3.18–21.

K èk Kretyen viv nan yon lit kote santiman yo ap kondannen yo kòm kou-pab. Malgre yo repanti de peche yo, yo kontinye santi yo kondannen. Ak je

nou yo, nou pa kapab wè peche nou, e nou pa kapab wè padon nonplis. Konsa, netwayaj peche nou yo se yon bagay nou dwe asepte pamwayen lafwa. Se pa sa nou ‘santi’ pou n’ konfyé.

Anvan nou kontinye, nou dwe klarifye diferans ki genyen ant ‘kondisyon koupab’ e ‘santiman koupab’. Lè nou fè peche, nou KOUPAB. Sa se kondisyon koupab, e santiman nou yo pa antre nan koze sa menm. Anpil moun fè peche san yo pa janm santi yo koupab. Selon Bib la, tout moun fè peche e konsa tout moun nan kondisyon koupab. Souvan lè yon moun nan kondisyon koupab, li SANTI li koupab tou. Se sa menm ki rann yon pechè mizerab, espesyalman lè li ap tandem verite a. Se jan li santi li koupab ki souvan pouse pechè a pou li tonbe sou jenou li nan repantans. Poutan, yon moun ka koupab san li pa janm santi li koupab ditou, e konsa tou kèkfwa moun ka SANTI yo koupab san yo pa vrèman koupab. Se santiman koupab sa yo n’ap etidyé isi a.

Satan se yon mèt nan fason li detounen nou. Kèkfwa li itilize verite pou mennen moun nan erè. Nou youn pa merite padon Bondye. Sa se laverite. Men sa se youn nan rezon yo kife Bondye te chwazi fè pwovizyon pou padon nou. Se paske nou pa ka fè pwovizyon sa a. Donk, se yon erè pou deside nou pa ka jwenn padon paske nou pa merite li. Sanble te genyen anpil moun ki te lite avèk santiman sa yo nan tan Jan te viv la, paske li te ekri anpil tès (oubyen prèv) pou moun kapab asire yo se pitit Bondye, oubyen ke yo pa pitit Bondye. Pasaj sa a esplike tès lamou a. Se lè nou pratike renmen tout bon vre, « n’ a santi nan kè nou nou pa gen kè sote devan Bondye. » Men, kèkfwa kè nou toujou vle kondannen nou, malgre nou te konfese peche nou, malgre nou viv nan obeyisans, malgre nou resevwa onksyon Sentespri a, e malgre nou mache nan lamou annegad lòt moun. Nou kòmanse voye je nou yo dèyè pou gade peche nou te fè nan tan pase a, oubyen nou tonbe kalkile sou bagay ki fè nou lite koulyeya, sou feblès nou yo, sou echèk nou yo ; e briskeman konsa, nou vin wè kòman nou se moun mizerab ki andeyò Kris. Donk, santiman koupab vle detounen nou.

Bondye rele nou pou nou viv nan rekonesans pito. Si nou santi nou pa merite yon bagay, nou pa dwe dekoraje lè nou jwenn li. Okontré, sa ta dwe pouse nou fè lwanj Bondye. Se endiyite pa nou yo ki fè padon Bondye yon gwo bagay. Padon Bondye tèlman plen gras e glwa!

Apòt Pòl di konsa: « nan tan lontan mwen te konn pale L’ mal, mwen te pèse-kite L’, mwen te joure Li, » men « Jezikri Senyè nou an fè m’ anpil favè : Li fe m’ gen konfyans ak renmen nou jwenn lè n’ap viv ansanm nan Kris la. » Pòl pale

sou kijan li te jwenn padon pou vye lavi sal li te konn mennen an. Se pamwayen mizèrikòd Jezi. E sa ta dwe sèvi yon bon egzanz pou tout moun ka konnen ki kalite moun mizerab Bondye kapab sove (gade 1 Timote 1.13–16).

Se lè nou aji lafwa nou ke nou ka rive santi nou pa koupab ankò. Se sou Senyè a pou nou konsantre nou, se pa sou eta pa nou an. Nou dwe konsantre sou mizèrikòd Bondye olye jan nou pa merite favè Li.

Men twa (3) eleman ki enpòtan pou fè kè nou poze sou kesyon padon nou :

1. Padon pou peche baze sou Pawòl Bondye. Nou padonnen paske Bondye di sa nan Pawòl Li (Sòm 130.3–4 ; Kolosyen 2.13 ; 1 Jan 2.12, elatriye.) MWEN KA METE KONFYANS NAN SA BONDYE DI.
2. Padon pou peche baze sou san Jezi ki te vèse pou nou. Si Bondye te asepte san bèt nan tan Ansyen Testaman an pou rachte moun anba peche yo, se pi plis toujou ak san Kris ! (Gade Ebre 9.13–14). Bondye pa nan jwèt. Lè Li te fè pwovizyon pou padon nou, Li te fè pwovizyon an toutbonvre. MWEN KAPAB KWÈ NAN SAKRIFIS JEZI POU MWEN.
3. Kapasite mwen genyen pou resevwa padon depan anpil sou volonte mwen pou pratique padon ak lòt moun. Kèkfwa nou pa tèlman dakò pou n' etann padon bay lòt moun paske nou gen kè di. Jezi te aprann nou si nou vle resevwa padon, nou dwe dakò padonnen lòt yo (Matye 6.14, 15 ; 18.21–35). KONSA LÈ MWEN ETANN PADON BAY LÒT MOUN, MWEN FÈ POSIB POU RESEVWA PADON MWEN MENM.

Lè nou aji lafwa nou, e lè nou pote lavikta sou santiman koupab yo, sa ban nou kè poze. Lè nou konsantre sou Senyè a nan rekonesans, e lè nou etann padon bay lòt moun, lapè Bondye plen kè nou.

Kesyon pou Etidye :

1. Kisa ki reyèl e vre nan afé padon, men ki pa vizib ak je natirèl nou ?
2. Ki diferans ki genyen ant ‘kondisyon koupab’ e ‘santiman koupab’ ? Kòman nou kapab twonpe konsènan toulede bagay sa yo ?
3. Kijan santiman koupab ka enpòtan pou nou ?
4. Kisa ki fè nou konn toujou santi nou koupab malgre nou gentan jwenn padon ? Èske sa baze sou yon verite? Ki verite ? Kòman sa se yon lide ki kwochi ?
5. Ki tès Jan bay pou asire kwayan yo yo padonnen ?
6. Jan di nou genyen yon bagay ki pi gran pase sa kè nou di. Kisa li ye ?

7. Èske se yon move bagay pou ou santi ou pa merite padon Bondye ? Kisa santi-man endiyite ta dwe pouse nou fè ? Kijan endiyite nou ta dwe fè nou aji ?
8. Kòman konvèsyon Pòl demontre mizèrikòd Bondye ? Ki move bagay li te fè anvan konvèsyon li ?
9. Fè lis twa (3) verite ki pèmèt lafwa nou debarase ak santiman koupab yo. Ki rezilta ki genyen lè nou aji lafwa nou sou afè padon Bondye ?
10. Esplike kè poze (lapè) nan konparezon avèk santiman koupab. Chache kèk vèsè ki sipòte jan ou konprann lapè.

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz

Itilize avèk pèmisyon : Christian Light Publications, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezève



Apòt Jak–Lanne - 63 Apre Kris

Ti Jak se te pitit Alfe avèk Mari Kleyopas. Mari sa a se te sè manman Jezi. Konsa, yo te rele l' « frè Senyè a » (Matye 28.19 ; Mak 16.15).

Malgre Pyè, epi Jak ak Jan (de [2] pitit Zebede yo) te konsidere kòm disip espesyal, Ti Jak te sèvi kòm yon poto mitan nan legliz la apre Jak, pitit Zebede a, te mouri (Galat 2.9).

Apòt yo te sakre Ti Jak kòm premye reskonsab nan legliz Jerizalèm lan. Sa te fèt pa twò lontan apre lanmò Jezikri a. Jak te jere pòs sa a fidèlman pandan trantan epi li te lakòz anpil moun te konvèti. Li te fè sa sitou pamwayen doktrin Kris la ki pi epi san tach, men lavi li te rann anpil moun te konvèti tou akòz li te mennen yon lavi ki te vrèman apa pou Bondye. Se poutèt sa menm yo te di li se te yon moun ki te jis.

Li te kanpe djanm epi li te vrèman sen. Li te viv kòm yon Nazareyen, ni nan abiman li, ni nan manje li. Li te priye chak jou pou legliz Bondye epi pou lemonn lan an jeneral tou.

Apòt sa a te ekri yon lèt pou konsole douz (12) tribi yo ki te gaye toupatou. Men sa li te ekri nan Jak 1.1–2 : « Mwen menm Jak, sèvitè Bondye ak Jezikri Senyè nou an, m'ap ekri lèt sa a pou douz (12) branch fanmi yo ki gaye toupatou sou latè. Bonjou pou nou tout. Frè m' yo, se pou nou santi nou kontan anpil lè nou wè nou tonbe anba nenpòt kalite eprèv. »

Malgre li te konsole Jwif yo ki te mete konfyans yo nan Jezikri pamwayen bon pawòl li, lòt Jwif ki pa t' kwè yo pa t' ka sipòte doktrin li yo menm. Konsa, Ananyas, ki se te chèf prêt la alepòk, te rele Jak pou l' konparèt devan jij yo. Ananyas sa a se te yon jenn mesye ki te gen je chèch epi ki te kriyèl anpil. Yo te rele Jak pou l' parèt devan jij yo yon fason pou yo te eseye konvenk li pou l' nye Jezi, epi pou yo fè l' renonse Pitit Bondye a ansanm avèk pouvwa rezireksyon an.


Se sa k' fè chèf prêt yo, pwofesè lalwa yo, ansanm avèk Farizyen yo te mete l' sou tèt tanp lan nan jou Lapannkòt yo pou l' te kapab rechte lafwa li a devan tout pèp la. Sepandan li te kanpe la devan pèp la, li te konfese kijan Jezi Kris se te Pitit Bondye a, epi kijan Li se Mesi a Bondye te pwomèt pou L' voye pou sove lemonn. Li te pale avèk anpil konfyans epi li te fè moun yo konnen kijan Jezi ap chita sou bò dwat Papa a, epi kijan Li va retounen sòt nan nyaj yo pou L' jije ni vivan yo, ni mò yo.

Lè foul moun yo te tande temwanyaj Jak la, yo te louwe Bondye epi te beni non Kris la. Men lènmi levanjil yo te rele : « O, nonm jis la nan erè. Ann touye l' paske li pa vo anyen. » Konsa yo te jetel' sou tèt tanp lan epi te kòmanse kalonnen l' ak wòch. Alò, Jak patko mouri malgre li te sòt tonbe epi malgre yo te kalonnen l' ak wòch. Anba pye l' yo te kase senpman,



(Kontinye nan paj 30)

SEKSYON JENN



YON TI PRI POU PEYE

YON SELEBRASYON FÈT NESANS

Chapit 22c

Premye moman nou te pase ansanm yo te presye anpil. Vera te pou kont li nan chanm lan lè m' te rive, konsa reyinyon an se te yon reyinyon prive. Se te nou de (2).

Pi devan, pandan nou te chita youn bò kote lòt nan salon an, mwen te mande :
« Men kote mesye yo ? »

Vera te reponn : « Yo pati depi bonè maten an. Yo te al jwenn ak lòt yo pou yo tann ou devan pòt prizon an. Nou pa t' konnen si polis yo t'ap vin lage ou lakay ou. »

Anvan lontan, sonnet la te fè bri ankò. Ansanm, mwen menm ak madanm mwen te al kontre ak pitit gason nou yo. Ala yon bèle rankont ! Mesye yo pa t' pou kont yo.

Se te anviwon senkant (50) moun konsa ki te fè pati legliz la ki te kite lakay yo pou al kontre avè m' devan prizon an. Yo pa t' gen okenn lide kilè mwen t'ap sòti deyò, men yo pa t' vle rate l'.

Pacha te di nou : « Alafen, yon chèf te parèt devan prizon an pou di nou fok nou ale. Li te fè n' konnen Korev te deja rive lakay li. »

Ti chanm nou an te chaje moun koulye a. Moun legliz yo te pote flè ban mwen. Yo te salye m'. Vè nevè dimaten konsa, te genyen tout yon liy ki te fòme devan pòt kay nou. Se te moun ki t'ap tann okazyon pou yo salye m' epi pou di m' byenveni.

Renmen ak sipò frè legliz yo te fè m' santi nan moman sa a te fè m' sezi. Yo te sòti lwen pou yo vin wè mwen. Sè m' yo te sòti Leningrad. Te genyen frè legliz ki te sòti Jakòv, Moskou, ak anpil lòt vil kote mwen te konn preche. Kay la te vin sanble yon boutik flè sitèlman nou te resevwa anpil flè. Lè pa t' gen plas ankò, mwen te mande youn nan pastè yo pou yo pote kèk nan flè yo ale nan legliz yo.

Pandan mwen te kanpe pou salye moun, yon fanm te avanse sou mwen. Mwen t'ap eseye sonje kilès moun li te ye, men mwen pa t' ka fin sonje.

Li te souri. Li di : « Sa pa anyen. Mwen pa t' mete nan tèt mwen ou t'ap sonje mwen. » Apre sa li te rakonte istwa pa l' la pou mwen.

Li te di : « Lè madanm ou te al vizite ou nan prizon an, se mwen menm ki te chèf la ki te reskonsab pou m' kesyone madanm ou. Mwen te kòmanse poze l' kesyon, epi li te pale m' sou ou menm ak sou santans ou te resevwa a. Grasa temwayaj li te ban mwen an, epi grasa jan li te pale sou ou, mwen te kòmanse vizite yon legliz. Finalman, mwen te repanti, epi mwen te konvèti. Mwen t'ap swiv dosye ou ak anpil atansyon. Lè m' te tandem y'ap lage ou, mwen te pran desizyon pou m' vin wè ou. Mwen vle di ou mèsi dèské ou te dakò soufri pou lafwa ou. »

Mwen te reponn li ak tout senserite : « Se te yon sakrifis ki pa t' anyen devan sa Kris te fè pou sove mwen. Jezi te deja fè plis pase sa m' te ka fè pou Li ! »

Se konsa jounen a te pase avèk anpil anpil emosyon. Moun te pote manje epi nou tout te manje ansanm. Nou te priye. Nou te chante. Nou te pataje esperyans. Mwen pa t' janm pase yon lòt jou fèt tankou jou fèt sa a. Mwen te di Bondye mèsi anpil fwa pou jan Li te reponn priyè m' yo nan yon fason si mèveye epi espesyal. Kay la te genyen moun jouk dizè diswa jou sa a.

Lè nou te pou kont nou ak pitit nou yo, Vera te di : « Genlè ou fatige anpil. »

Mwen te oblige di konsa : « Non. Mwen pa fatige. Bondye te ban m' yon fòs ki depase sa m' te panse ki posib. Mwen pa ka fin di kijan m' kontan pou m' chita

la pamí nou. » Mwen te gade chak nan pitit gason m' yo, epi alafen mwen te gade madanm mwen. Mwen te di yo : « Te genyen moman kote mwen te panse mwen p'ap janm wè nou ankò. » Mwen pa t' ka kontinye. Nou te chita an silans.

Se Vera ki te pale finalman : « Ane yo te long, epi wout la te difisil se vre. Men, malgre tout eprèv nou yo, nou rejwi anpil paske travay legliz Jezi Kris la gentan grandi. Bondye bon anvè nou. »

Mwen te eseye reponn : « Wi. Mwen pa ta chanje anyen nan jan bagay yo pase. Se Bondye ki te pèmèt tout bagay sa yo. Chak jou pandan mwen te nan prizon, mwen te mande Bondye pou Li kenbe fanmi m'. Mwen te priye pou m' genyen pitit gason ki renmen Bondye epi ki renmen Pawòl Bondye a. Sa mwen pa t' kapab fè kòm papa akòz mwen te absan, mwen te mande Bondye fè l' pou mwen. »

Mwen te gade chak nan pitit gason m' yo. Yo t'ap gade m' ak lapè epi ak kouraj.

Vanya te genyen vennkatran koulye a, epi li te seliba toujou. San dout li te yon gran sipò pou madanm mwen pandan tout absans mwen. Li te deja kòmanse montre yon ti ladrès kòm yon lidè, epi legliz la t'ap itilize li pou kèk travay.

Pacha te fèt yon ane apre Vanya. Li te yon ti jan pi fèmen. Men, mwen te gen konfyans li te renmen Senyè a tou epi te vle viv pou Li.

Venza, pi piti a, te genyen ventan. Sèvo l' te bon, epi sa tapral sèvi li byen pandan tout rès lavi li. Li te renmen etidye. Li te deja goute gwo ponyèt gouvenman kominis la. Yo te deja akize l' pou kèk fason li te pratike lafwa li. Yo te arete l' menm, epi yo te mete l' nan prizon pandan plizyè jou.

Mwen te di fanmi m' konsa : « Bondye aji byen anvè nou. Vera, ou gentan konpòte ou tankou fanm lan nan Pwovèb 31 : yon fanm serye ki gen plis valè pase pyè ki koute chè. »

Madanm mwen te souke tèt li. Li di : « Mwen te annik fè sa m' kapab. Se pa t' anyen espesyal. Mwen te toujou konnen nan fanmi pa nou an, se travay Senyè a ki vini anvan tout lòt bagay. »

Mwen te fè yon jès pou yo avanse sou mwen. Mwen te di yo : « Vini. Ann mete ajenou nan yon sèk epi di Bondye mèsi pou jan Li te twouve nou diy pou n' soufri pou Li, nan fason Li te chwazi a, pou Li te ka avanse wayòm Li. Sa nou sibi a se pa anyen. Se yon ti bagay devan tout bagay Jezi gentan fè pou nou ! Se pou n' toujou sonje nou sèlman fè devwa nou, anyen pase sa. »

Nou te ajenou nan ti chanm lan. Nou t'ap priye. Pitit gason m' yo, ki te fin gran koulye a epi ki te chak pran desizyon pou yo swiv Bondye, te priye youn apre

lòt. Vera, konpanyon fidèl mwen an pandan nou te separe, te priye tou. Alafen mwen te priye, epi mwen te di Bondye mèsi pou bonte Li nan jan Li te ban m' okazyon pou m' retounen ansanm ak fanmi m' ankò—epi sou jou fêt mwen ankò ! Nou te debòde ak rekonesans anvè Papa nou ki nan syèl la.

Deyò a, se te fènwa. Fènwa a te kache sa ki te pase déjà ansanm avèk sa ki te rete devan nou toujou. Mwen pa t' konnen kisa ki te ka rive pi devan toujou, men mwen te konfyé tout bagay mwen pa t' konnen nan men Bondye. Jiska la, Li pa t' janm kite nou yon jou. Lè m' te nan pi gran nesesite, Bondye te toujou la pou mwen.

(Istwa sa a ap kontinye nan pwochèn edisyon an)

—Harvey Yoder

Itilize avèk pèmisyon |TGS International |Berlin,

Owayo, Ozetazini | Tout dwa rezèvè



(Sòti nan paj 26)

epi konsa li te mete ajenou pou l' priye Bondye. Li te mande Bondye pou L' padone sila yo ki t'ap kalonnen l' yo paske yo pa t' konnen sa yo t'ap fe.

Akòz li t'ap priye konsa, youn nan prêt yo te mande lòt yo pou yo fè l' gras. Prèt la te di : « Kisa n'ap fè la a ? Nonm jis la ap priye pou nou. Sispann kalonnen l' ! » Malerezman, te gen yon lòt moun la ki te kenbe yon bout bwa nan men l'. Nonm sa a te bay Jak yon sèl kout bwa nan tèt ! Konsa, Jak te mouri frèt nan bra Senyè a. Yo te antere l' menm kote li te tonbe a lè yo te voye l' sòt sou tèt tanp lan.

Sa te rive nan lanne 63 Apre Kris. Li te mouri avèk katrevensèzan, sou reny Newon an. Ananyas se te chèf prêt la lè sa a epi se li menm ki te lakòz yo te aji konsa avèk Jak.

Men sa Apòftègmès te ekri konsènan Jak : « Tèlman li te konn pase anpil tan ajenou nan lapriyè ap mande Bondye pou padonnen peche lèzòm, jenou li yo te gen gwo zanpoud sou yo. Zanpoud yo te tèlman gwo, li pa t' ka santi anyen nan jenou yo menm. »

Vrèman mati sa a te sen epi te plen avèk sa ki jis !

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror (Glas Mati yo)*.



SEKSYON TIMOUN



Ipokrit Yo

Lè a te rive pou fanmi Michèl chita ansanm pou soupe. Manje a te bon, epi moun yo te kontan ansanm.

Mesye Michèl te vire pale ak pitit fi li a, Sofya. Li di : « Pitit, mwen aprann te genyen yon bagay ki pase nan lekòl la jodi a. Kisa li te ye ? »

Sofya te fè yon ti ri pandan li reponn : « Se ipokrit yo ki resi goumen. »

Timote se te gran frè Sofya. Li di konsa : « Ipokrit yo ? Kòman sa ? »

Sofya reponn : « Wî, m' ap pale sou moun ki pale yon jan lè yo devan ou, epi yo pale yon lòt jan lè ou pa la. Genyen de (2) fi nan lekòl la ki toujou ap fè sa. »

Manman timoun yo te di : « Men sa se pa yon bagay ki pou fè moun ri. Sa dwòl. »

Mesye Michèl te ensiste : « Di nou sa ki te pase. »

Sofya te rakonte bagay la konsa : « Ou wè, depi lekòl ouvri Rachèl ak Lina ta di se pi bon zanmi yo ye ansanm. Men se pa t' yon bon zanmitay. Yo toude renmen tripotay, yo renmen pataje zen ansanm. Souvan ou ka wè yo chita yon kote apa ap pale piti. Tanzantan yo pete yon ri pandan y'ap pale sou do Entèl. Yo pale moun mal toutan. Yo

di moun sa a viv nan yon kay ki lèd. Si yon lòt moun abite nan yon bél kay tou nèf, yo di moun sa a ògèye, li pa konn moun. Yo pale pwofesè mal. Yo pase moun nan jwèt pou jan kò yo fèt. Yo kritike moun paske yo lèd, osinon yo sòt, osinon yo pa fè tèl bagay byen.

« Pi mal, yo youn konn kritike lòt. Yon jou Lina te felisite Rachèl poutèt yon bél wòb li te mete sou li. Men pi devan, lè Rachèl pa t' prezan, li rele m' epi li di m' : « Ou wè wòb Rachèl mete sou li a ? Kòman li fè mete vye koulè sa a sou li ? » Yon lòt jou ankò Rachèl te fè Lina konnen li wè manman l' fo nan fè manje. Men pita, mwen te tande Rachèl ap ri pandan li bay blag sou yon seri vye manje li te manje lakay Lina.

« Nou tout te konnen bagay la tapral eklate yon lè. Epi jodi a se sa ki te fet. Papa Lina te vann machin li an pou l' achte yon pikòp. Pikòp la sanble anpil avèk pikòp papa Rachèl genyen an. Enben, jodi a Rachèl fè kòmsi li kontan epi li di Lina konsa : « Gade ! Koulye a fanmi ou ak fanmi m' se marasa ! Nou genyen prèske menm pikòp. » Li te manke bo Lina tèlman li te kontan.

« Poutan, apre sa Rachèl te pale yon lòt jan. Nou t'ap mache pou n' rive nan salklas la apre nou te fin manje. Se lè sa a Rachèl tonbe pale, li di : « Sa Lina genyen ? Li menm ak tout fammi li se yon bann moun k'ap imite moun. Poukisa yo te oblige achte yon pikòp ki sanble ak pikòp papa m' lan ?


« Sanzatann, Lina parèt sou nou. Li t'ap chita atè dèyè yon pyebwa ap korije kèk papye pou youn nan pwofesè yo nan ti klas yo. Nou youn pa t' konnen si li te la, men li te tande tout bagay. Bon. Li chanje koulè. Li pale fò : « Rachèl ! Se ipokrit ou ye ! Gade jan ou trèt ! » Lè sa a, Rachèl reponn li byen move.

« Se lè sa menm Mèt Kalen te parèt. Li voye ni Lina, ni Rachèl al tann li nan direksyon an. Apre yon tan, li parèt nan klas la. Nou t'ap tann li vin travay avèk nou. Li annik ban nou yon dewwa epi li tounen nan direksyon an ankò.

« Yo fè yon bann tan nan direksyon an ap regle bagay la. Lè yo tounen, Lina ak Rachèl te sanble moun ki gentan kriye anpil. Se klè yo te gentan rebyen ankò. Sanble yo te antann yo pou yo eseye viv pi byen. »

Apre Sofya te fin rakonte istwa a, manman l' te di tou piti : « Timoun, mwen swete nou tout aprann yon bagay. Toujou sonje, yon moun ki pale lòt yo mal ansanm avèk ou, ou mèt konnen li pale ou mal tou lè ou pa la. Sa se lachè. Mwen swete Rachèl ak Lina va kite ipokrit depi jodi a pou yo kapab genyen yon bon zanmitay ansanm. »

Mesye Michèl te rale Bib li a ki te anlè sou yon etajè. Li di : « Nan Bib la, genyen anpil pasaj ki pale sou ipokrizi, sou tripotay, sou moun ki pale moun mal. Bondye vle pou nou rete enb. Nou pa dwe ap pale moun mal. Sòm 15 dekri yon moun ki mache dwat. Li di :



Marcos Yoder

« Senyè, ki moun ki ka rete lakay Ou a ? Ki moun ki ka viv sou mòn ki apa pou Ou a ? Se moun ki fè volonte Bondye nan tout bagay, ki toujou fè sa ki byen. Se moun ki pale verite a jan l' ye nan kè li, ki pa nan bay moun kout lang. Se moun ki p'ap fè zanmi l' yo anyen ki mal, ki p'ap mache fe tripotay sou rwazinay. »

Mesye Michèl te kontinye pale : « Donk, timoun, ann toujou pale avèk renmen. Swa n'ap pale ansamm ak yon moun, osinon n'ap pale ak lòt yo sou moun lan. Se pou nou fè Senyè a plezi. Konsa nou p'ap ipokrit. »

—Mildred Matin

Tèks la sòti nan *School Days with the Millers* (*Jou Lekòl avèk Fanmi Michèl la*)

Nou tradwi epi itilize tèks sa a avèk pèmisyon



Vèsè Pou Aprann

« Moun ki san respè pou Bondye ap touye moun ak lang yo. Men, konesans ap sove moun k'ap mache dwat yo » (Pwovèb 11.9).



Aktivite Timoun

Souliye tout mo ak tout bout fraz yo ki pale sou kòman yon ipokrit pale dous. Apre sa, ansèkle tout fraz yo ki detaye kòman ipokrit la pa dous vre. Nan kèk pasaj, ou ka twouve plizyè bagay pou souliye osinon ansèkle.

Sòm 55. 21 – « Pawòl nan bouch yo pi dous pase siwo. Men, nan fon kè yo se yon sèl bagay yo konnen : se goumen. Pawòl yo koule dous tankou lwil, men lang yo se razwa. »

Pwovèb 26.24–25 – « Ipokrit ki rayi moun toujou ap bay bèl pawòl. Men, nan kè l', se twonpe l'ap twonpe moun.²⁵ Lè l'ap pale konsa, ou pa bezwen kwè l', paske nan fon kè l', se mechanste ase ki genyen. »

Jeremi 9.8 – « Lè y'ap pale ak zanmi yo, se bèl pawòl ase ki nan bouch yo. Men nan kè yo, se pèlen y'ap pare pou yo. »

Abdyas 7 – « Moun ki te pi bon zanmi nou yo twonpe nou byen twonpe. Moun ki te konn manje sou tab ansanm ak nou pare pèlen pou nou. »

Mak 7.6 – « Bann ipokrit ! Se nan bouch pèp sa a respekte M', men kè yo byen lwen Mwen. »

2 Pyè 2.19 – « Yo pwomèt y'ap ba yo libète. Men, yo menm se esklav movèz vi a yo ye... »

(Repons nan paj 12)

*L*afwa se lè ou
di Bondye mèsi
malgre plan pa ou
la gate nan men ou. Se paske ou
konnen Li genyen yon plan
ki pi bon toujou.

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon,
oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason
nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsidérasyon... »
(2 Pyè 1.19).

LIB TOUT BON

Jezi di Jwif ki te kwè nan Li yo :
« Si nou kenbe pawòl Mwen yo nan kè nou,
nou se disip Mwen vre. N'a konnen verite a,
lè sa a verite a va ban nou libète nou. »

Yo di Li : « Nou se ptit ptit Abraram.
Nou pa janm esklav pèsonn.
Kijan Ou ka fè di nou :
« N'a gen libète nou ? »

Jezi reponn yo : « Sa M'ap di nou la a, se vre wi :
Tout moun ki fè peche, se esklav peche yo ye.
Yon esklav pa fè pati moun kay la pou tout tan.
Men, yon ptit fè pati moun kay la pou tout tan.
Si Ptit Bondye a ban nou libète, n'a lib toutbon. »

Jan 8.31–36